Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет

## Гумбет районалъул газета



№ 50 (6630) 10 декабрь 2018 с. Итни РабигIул ахир 1440 с. Багъа 5 гъур.

БАРКИ

## 12 декабрь - Россиялъул Конституциялъул къо

**ХIурматиял районцоял! Баркула нужеда тIаде щолеб бугеб пачалихъияб байрам – Россиялъул Федерациялъул Конституциялъул къо!**

Россиялъул Конституция ккола нилъер пачалихъ демократияб рахъалъ цебетIеялъе ракълие, миллияб цолъиялъе ва жамгIияталъул гьудуллъи щулалъиялъе щулияб кьучIлъун. РФялъул цIияб Конституция къабул гьабуна цIигьабун гIуцIиялъул карачелалъ улкаялда лъугьинабураб кIвар бугеб багъа-бачариялъул ва хиса-басиязул заманалда, гражданазул демократия цебетIеялъул, гьезул эркенлъи ва ихтиярал цIуниялъул, Россиялъул Федерациялъул гIемер миллатазулаб халкъалъул тарихияб цолъи цIуниялъул мурадалда.

Нилъер гIаммаб масъала ккола Конституциялъ лъазабурабщинаб: буголъи, къиматабщинаб щула гьаби ва чIарахьараб гIумру гьабизелъун гIуцIарухъанлъиялъулаб пайдаяб хIалтIи гьаби. Божилъи загьир гьабула Россиялъул Конституциялде мугъчIвайги гьабун кIудияб Россиялъул гьитIинабго бутIалъун кколеб нилъер районалъул гIадамаз хIаракат бахъизе букIиналда цолъи, вацлъи, рагIи дандекколеб рухIияб цебетIей цIуниялъул, цере чIарал масъалаби тIуразариялъул рахъалъ.

Гьарула нужее щулияб сахлъи, рекъел, икъбал-талихI, хIалтIулъ бергьенлъаби, цIунаги щибаб хъизан къварилъи - балагьалдаса, ургъелалдаса, пашманлъиялдаса!

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ ГIУМРУ

## Халгьабиялъул ва хIисабалъул палатаялъул хIалтIул хIасилал ва бюджет

### Бакълъулазул районалъул депутатазул Собраниялъул сессия тIобитIана

**6 декабралда тIобитIана Бакълъулазул районалъул Собраниялъул депутатазул сессия. Гьеб рагьана ва бачана районалъул Собраниялъул председатель МухтарахIмад АхIмадовас.**

Данделъиялда гIахьаллъана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов, гьесул заместителал, учреждениязул, гIуцIабазул нухмалъулел, росабазул администрациязул бутIрул ва цогидалги.

**Гьоркьор лъуна гьал суалал:**

1. «Районалъул хъаравуллъиялъулгун хIисабалъул палатаялъ 2018 соналъ гьабураб хIалтIул хIисабкьей ва 2019 соналъе план тасдикъ гьабиялъул хIакъалъулъ»
2. ««Гумбет район» муниципалияб районалда муниципалиял хъулухъазул Реестралда ва сияхIалда хиса-басиязул хIакъалъулъ».
3. 2018 соналъул ва 2019-2020 соназул плановияб заманалъе «Гумбет район» муниципалияб районалъул бюджеталда хиса-басиязул хIакъалъулъ».



4.2019 соналъе ва 2020-2021 соназул плановияб заманалъе «Гумбет район» муниципалияб районалъул бюджеталъул проекталъул хIакъалъулъ .

ТIоцебесеб суалалдасан доклад районалъул хъаравуллъиялъулгун хIисабалъул палатаялъул председатель Шамил ГIалиевас гьабуна. КIиабилеб суалалда хурхун кIалъазе вахъана районалъул Собраниялъул законодательствоялъул рахъалъ комиссиялъул председатель Сурхай Сурхаев.

Лъабабилеб ва ункъабилеб суалаздасан кIалъана районалъул финансазул отделалъул нухмалъулев РурухIма Халидов.

Депутатаз киналго разилъун тIоцебесеб цIалиялда къабул гьабуна 2019 соналъе ва 2020-2021 соназул плановияб заманалъе «Гумбет район» муниципалияб районалъул бюджет .

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

## Газил ва лъадал рогIразухъ ралагьун чIун...

### Лъедалъун хьезариялъул ва газ бачиналъул суалал гьоркьор лъуна Бакълъулазул районалда

**3 декабралда Бакълъулазул районалъул администрациялда тIобитIана данделъи ва гьоркьор лъуна лъедалъун хьезариялъул, газ бачиналъул ва цогидалги суалал.**

Данделъиялда гIахьаллъи гьабуна федералиял, республикаялъулал, муниципалиял идарабазул хIалтIухъабаз, бакIалъулаб самоуправлениялъул вакилзабаз ва цогидазги. Данделъи рагьана ва бачана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевас.

ДРялъул МФЦялъул Гумбеталъул филиалалъул нухмалъулев ГIумар МухIамадовас бицана араб анкьалъ пачалихъияб ва муниципалияб хъулухъалъе бачIараб 273 гIарза тIубанин.

Районалъул централияб больницаялъул бетIерав тохтур МухIамад СайгидахIмадовас абуна «Земский врач» программа гIумруялде бахъинабиялъе районалда хIалтIи гьабулеб бугин, ЦРБялъул тохтурзабазул къокъаби росабалъе хьвадулел ругин, 1000ялдаса цIикIкIун лъимералъул туберкулез бугищан медицинаялъул хал гьаби тIобитIанин. «Гумбетовское ДЭП №10» ОООялъул нухмалъулев Малачи Сурхаевас жиндирго кIалъаялда тIадчIей гьабуна хасалил шартIазде хIадурлъи гьабун букIиналда. Нухазда цIер къани пайда босизе 20 тонна цIам босун буго,тIаде 20 тоннаялъе заказги кьун буго.

(Ахир-кIиабилеб гьум.)

НОМЕРАЛДА РУГО:



ТIоцебесеб каналги «Нусго школа» проектги

-2 гьум.



Исламалъе гIоло рухI кьурал диниял церехъаби ракIалде щвезаруна

-2 гьум.



Нухги лъимги

- 3 гьум.



ЛъаратIа – Ингишо сверуда – Аллагьасул рукъ

-4 гьум.

ГIЕЛМУ-ХАЗИНАЙИН ХВЕЛГО ГЬЕЧIЕБ ЖО

# ТIоцебесеб каналги «Нусго школа» проектги

**Бакълъулазул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас халгьабуна МелъелтIа аслияб школа къачIаялъул**

**4 декабралда «Гумбет районон» муниципалияб районалъул администрациялъул бетIер ХIажимурад МухIамадов хIалтIулаб сапаралъ щвана, республикаялъулаб «Нусго школа» программаялда гIахьаллъулеб, МелъелтIа аслияб школалде.**

МелъелтIа аслияб школа рагьана 1928 соналъ, гьеб ккола районалъул цебегосеб лъайкьеялъул учреждениелъун. Гьеб школа лъугIаразул рахъана гIелмиял, маданиял, медицина-



ялъул ва цогидалги бутIабазул машгъурал хIаракатчагIи.

Районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас абуна республикаялъулаб «Нусго школа» программа муниципалитеталда бергьенлъиялда гIумруялде бахъинабулеб бугин, гьеб программаялъул кьучIалда цIалул заведенияздаго цIи гьарулел ва гьениб лъималазе лъай кьезе санагIатал шартIал гIуцIулел ругин.

«Бакъълъулазул район гIахьаллъулеб буго федералияб ва республикаялъул батIибатIиял программабазда. Гьелъ рес кьолеб буго лъайкьеялда, сахлъи цIуниялда, социалияб бутIаялда церетIеял щвезе. Дагъистаналъул бетIер Владимир ГIабдугIалиевич Васильевас цебе лъураб «Нусго школа» проекталда рекъон, капиталияб ремонт гьабуна Игьали гьоркьохъеб школалъе, гьединго цIи гьабун къачIалеб буго МелъелтIа аслияб школа»,-ян абуна ХIажимурад МухIамадовас.

ХIалтIулаб сапаралда районалъул бетIерасда цадахъ рукIана финансазулгун экономикияб суалазул рахъалъ гьесул заместитель АхIмад Сулайманов, МелъелтIа аслияб школалъул нухмалъулей Зульфия ХIажимурадова ва цогидалги.

МелъелтIа аслияб школалда капиталияб ремонт лъугIула гьаб соналъул 15 декабралде. Гьениб капиталияб ремонт гьабизе, «Нусго школа» программаялда рекъон, республикаялъул бюджеталдаса бачIана 1 млн 764 азарго гъурущ, бакIалъулаб бюджеталдаса кьуна 110 азарго гъурущ, меценатас-332 азарго гъурущ. Ремонт гьабулеб буго «Дорстройпроект» ОООялъ. Школалъул рукъзазул жанисеб рахъалъ кьабулеб буго гипсокартон, хисулел руго нуцIби ва гордал, цIи гьабулеб буго хинлъи кьолеб система.

«Администрациялъ гьединго хIисабалде босун буго 2019 соналъ гIумруялде бахъинабизе бугеб «150 школа» программаялда гIахьаллъизе»,-ян абуна АхIмад Сулаймановас.

Федералиял СМИязул тIоцебесеб программаялъул телевизионниял передачаби хIадурулезул къокъа бачIана Игьали гьоркьохъеб ва МелъелтIа аслияб школазде. Районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас жавабал кьуна гьеб телеканалалъул мухбирасул суалазе.

Районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хьарагишиевас хал гьабуна Игьали гьоркьохъеб школалда бугеб хIалалъул, дандчIвана мугIалимзабигун, гара-чIвари гьабуна федералияб тIоцебесеб телеканалалъул журналистазулгун.

**«Гумбет» РИО**

# Газил ва лъадал рогIразухъ ралагьун чIун...

**(Авал-тIоцебесеб гьум)**

«Сельсовет "Мехельтинский"» росдал поселениялъул бетIер МухIамад ГIабдунасировас



рорхана лъедалъун хьезариялъул, газ бачиналъул, хабалал сверун къаялъул ва цогидалги суал.

Финансазул отделалъул нухмалъулев РурухIма Халидовас кIвар буссинабуна исанасеб финансовияб лъагIел гIуцIа-къан нухда регIизе ккеялде.

«Районалъул маданиял учреждениязд гIахьаллъи гьабулеб буго районалъул ва республикаялъул тадбиразда, халкъалъе лъикIаб хъулухъ гьабиялде кIвар кьолеб буго»,-ян абуна культураялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIмановас.

Коррупциялда данде къерхьеялъул суалазу рахъалъ районалъул бетIерасул кумекчи НурмухIамад ГIизудиновас кIалъаялда бицана пачалихъиял учреждениязул хIалтIи киназего баянаблъун, загьираблъун, ракI бацIадаблъун букIине ккеялъул, абуна киналго депутатаз жидерго доходазул хIакъалъулъ баянал кьезе кколин.

Бакълъулазул районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хьарагишиевас дандельиялъул хIасилал гьаруна, киналго ахIана жавабчилъи бичIичIун хIалтIизе, хIасилал лъикIал щвезаризе, федералиял, республикаялъулал ва районалъулал программаби тIуразаризе, халкъалъе хъулухъ тIадегIанаб даражаялда гIуцIизе.

**Информациялъул «Гумбет» гIуцIи**

ДИНЦОЯЛ, МИЛЛАТЦОЯЛ, РАЙОНЦОЯЛ

# Исламалъе гIоло рухI кьурал диниял церехъаби ракIалде щвезаруна

**Бакълъулазул мажлис тIобитIана МахIачхъалаялда**

**3 декабралда МахIачхъалаялда шайих Зайнула Ишан Расуловасул цIаралда бугеб мажгиталда, РабигIул аввал моцIалъул хIурматалда, тIобитIана бакълъулазул мажлис. Гьенир гIахьаллъана районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов, рухIиял церехъаби, муниципалитеталъул росабалъа гIадамал.**



Мажлисги рагьун, Къуръаналъул аятал цIалана Дагъистан Республикаялъул Муфтияталъул МугIрузул территориалияб округалда лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев МухIамадгIариф МухIамадовас.

Мажлисалъул хIурматияв гьобол, динияв цевехъан, МухIамад аварагасул (с.т.гI.в.) наслуялъул чи МухIамад-ас-Сакаф кIалъазе вахъана гьенив. Мажлисалда гьединго гIахьаллъана Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул депутат МухIудин МухIудинов, СаййидмухIамад-хIажи Абубакаровасул фондалъул председатель ХасмухIамад-хIажи Абубакаров ва цогидалги. РухIияб гIумру бечелъиялъе, миллатазда гьоркьоб гьудуллъи, вацлъи щулалъиялъе, жамгIиябгун политикияб хIал лъикIлъиялъе, исламалъул хIакъикъияб кьимат борхиялъе, зулмухIалалъул ва террооралъул идеял къватIир чIвазариялъе, Кавказалда рекъел цIуниялъе кIудияб хIалтIи гьабуна Дагъистаналъул рухIиял церехъабазшайих ГIабдулхIамид Афандица, республикаялъул муфтий, шайих АхIмад Афандица, шайих СагIид Афандица ва цогидалги насихIатчагIаз, устарзабаз. Аллагьасе рецц гьабизе ккараб иш буго Дагъистаналда гIадамал квешлъабаздаса цIунарал, гьел лъикIлъиялде ахIулел тIарикъаталъул шайихзабаз яшав гьаби ва гьабсагIат гьабулеб букIин.

«Бакълъулал ругьунал руго захIматалде, гьаниб лъун буго щулияб рухIияб кьучI. ГIагараб ракь тIегьазабиялде ва цебетIезабиялде буссараб нилъер цадахъаб хIалтIиялъ лъикIаб хIасил кьела. МухIамад аварag (с.т.гI.в.) гьавураб РабигIул аввал моцIалъ тIоритIулел лъикIалщинал тадбирал Аллагьас къабул гьареги»,-ян абуна ХIажимурад МухIамадовас.

Мажлисалда гьединго кIалъазе рахъана мугIрузул территориалияб округалда ДРялъул Муфтияталъул ихтияр кодосев вакил Магьди ГIабидов, гIарабазул улкабазда ДРялъул Муфтияталъул ихтияр кодосев вакил, республикаялъул Муфтияталъул халкъазда гьоркьосеб отделалъул нухмалъулев, гIараб филологиялъул доктор ШигьабудинхIусенов, ЦIияблак районалъул имам Эсенбулат ЯхIияев, Бакълъулазул районалъул имам Шамил Назиров, Гумбеталъул гIолилазул централъул нухмалъулев МухIамад Зубайиров ва цогидалги.

Гумбеталъул гIолилазул централъул хIаракаталдалъун, РабигIул аввал моцIалъул хIурматалда, тIобитIана МухIамад аварагасул (с.т.гI.в.) хIакъалъулъ асарал цIалиялъул конкурс. Гьелда жиграб гIахьаллъи гьабуна бакълъулаз. Конкурсалъул хIасилазул бицана гIолилазул централъул нухмалъулев МухIамад Зубайировас. Кьецазда тIоцебесеб бакI ккуна Фатима ГьазихIмаевалъ, кIиабилеб бакI- СагIдигат Насрудиновалъ, лъабабилеб бакIФатимат МухIамадовалъ. Бергьенлъи босаразе хIурматалъул грамотаби ва сайгъатал кьуна.

ХIурматиял гьалбадерие кьуна ракIалде щвеялъе сувенирал, динияб тIахьал ва цогидалги сайгъатал.

Мажлис лъугIизе тана СаййидмухIаммад- хIажи Абубакаровасул фондалъул председатель ХасмухIаммад-хIажи Абубакаровас дугIа гьабиялдалъун.

**Информациялъул «Гумбет» гIуцIи**

РАХIМУ-ЦIОБ

# Халкъазда гьоркьосеб инвалидазул къоялде – МелъелтIа тадбир

**Баклъулазул районалъул МелъелтIа росулъ централияб библиотекаялъул лъималазулгун гIолилазул отделалъул хIалтIухъабазул хIаракаталдалъун халкъазда гьоркьосеб инвалидазул къоялда хурхун тIобитIана акция.**

Отделалъул нухмалъулей ПатIимат ХIусенова, библиотекарал ГIазра Исубилаева ва Расиат УхIумагIалиева МелъелтIа росулъа цо-цо инвалидазухъе, хасго лъимал –инвалидазухъе, сайгъаталги росун рокьо-рокьоре ана, гьел рохизаруна. Гьеб тадбиралъ бихьизабуна сакъатлъарал тIалаб-агъазалъ сверун ккун рукIин.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ

# Нухги лъимги

### Щабдухъ ва ИчичIали росабалъ гIадамал къабул гьаруна

**30 ноябралда Бакълъулазул районалъул Щабдухъ ва ИчичIали росабалъ Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялъул депутат НурмухIамад ГIалиевас ва «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевас гIадамал тIаде къабул гьаруна.**



ГIадамал тIаде къабул гьариялда гIахьаллъана «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул экономикаялъул, росдал магIишаталъул, буголъиялъул гьоркьорлъабазул ва ЖКХялъул отделалъул нухмалъулесул заместитель Ибрагьим Ибрагьимов, «Сельсовет "Цунди-Щабдухский"» росдал поселениялъул администрациялъул бетIерасул заместитель Мавлидин Мурадов, ДРялъул Халкъияб Собраниялъул депутатасул кумекчагIи ГIалихан Бегаев, ГIали ГIумархIажиев ва цогидалги. Делегация щвана школазде, маданиялгун хIухьбахъиялъул центразде, мажгитазде ва цогидалги учреждениязде, объектазде.

Гражданаз рорхулел рукIана росдал магIишаталда, нухазда, лъайкьеялда, сахлъи цIуниялда, маданияталда, росаби социалиябгун экономикияб рахъалъ церетIеялда хурхарал суалал.

ИчичIали росдал гIадамаз рорхана лъедалъун, газалдалъун хьезариялъул, нухал къачIаялъул суалал.

Бакълъулазул районалъул администрациялъул кумекалдалъун, ИчичIали росулъе лъим бачараб мухъалъе ремонт гьабуна. Депутатас ва администрациялъул бетIерасул заместителас абуна рехсарал росабазул гIадамазул хIажалъаби тIураялъе, гьезие шартIал лъикIлъизариялъе хадубккунги кумек гьабизе бугилан.

**«Гумбет» РИО**

ГIЕЛМУ-ХIИКМАТАЛЪУЛ ХIАЛБИХЬАРАЗЕ..

# МугIалимзабазул махщел борцана

### Республикаялъул «Дагъистаналъул лъагIалил учитель – 2019» къецалъул муниципалияб бутIа тIобитIана

**Республикаялъул «Дагъистаналъул лъагIалил учитель-2019» конкурсалъул муниципалияб этап тIобитIана Бакълъулазул районалъул МелъелтIа гьоркьохъеб школалда.**




Конкурсалда гIахьаллъана районалъул гIаммаб лъайкьеялъул школазул 9 мугIалим. ТIоцебесеб туралда гIахьалчагIаз бихьизабуна методикияб махщел, мугIалимлъиялъул теория кин лъалеб бугебали, ФГОСалъул тIалабал ва «Педагог» стандарт тIурай кин гIуцIун бугебали.

КIиабилеб туралда конкурсалъул гIахьалчагIаз цIалул занятиял тIоритIана МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул цIалдохъабазулгун.

«Конкурсалъул хIасилал гьарун, тIоцебесеб бакI Ингишо гьоркьохъеб школалъул байбихьул классазул мугIалим Мадина Жаватхановалъ, кIиабилеб бакI ЛъаратIа гьоркьохъеб школалъул гIурус мацIалъул ва литератураялъул мугIалим СахIиб Шихмирзаевалъ, лъабабилеб бакI МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул физикахъалъул мугIалим Бика Амагаевалъ ва ЦIаналъ аслияб школалъул байбихьул классазул мугIалим Асият ГIалиевалъ ккуна. «Дагъистаналъул лъагIалил учитель-2019» конкурсалъул районалъул этапалда бергьенлъи босаразе ва призеразе щвана грамотаби ва къиматал сайгъатал. Гьел кьуна «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул заместитель МухIамад Хъарагишиевас ва районалъул лъайкьеялъул, физическияб культураялъул, спорталъул отделалъул вакилзабаз.

Гьеб тадбир гIуцIана Бакълъулазул районалъул информациялъулгун методическияб отделалъ. Районалъул этапалда бергьенлъи босаралъ гIахьаллъи гьабизе буго «Дагъистаналъул лъагIалил учитель-2019» конкурсалъул зоналияб этапалда. Гьеб тIобитIизе буго 12-13 декабралда Сергохъалаялда.

**«Гумбет» РИО**

МАЦI БИЛИЗЕ ТАНИ, БИЛУЛА МИЛЛАТ

# МухIаммад аварагасул ﷺ хIакъалъулъ – авар мацIалда

### Лъималазда гьоркьоб диниял асарал рикIкIиналъул къец тIобитIана

**«МухIаммад аварагасул ﷺ хIакъалъулъ – авар мацIалда» абураб къец тIобитIана Бакълъулазул гIолилазул централъул хIаракаталдалъун. Къецазда гIахьаллъана 12-ялде щвезегIан сонал рараб батIи-батIиял регионаздаса 105 лъимер. Бакълъулазул гIолилазул централъул нухмалъулев МухIамад Зубайировас абуна МухIаммад аварагасул (с.т.гI.в.) хIакъалъулъ лъималазда гьваридго лъазелъун, гIагараб авар мацI цIунизелъун, миллияб адабият, рухIияб рахъ церетIезаризелъун тIобитIараб тадбир букIанин гьебилан.**

«МухIаммад аварагасул ﷺ хIакъалъулъ – авар мацIалда» абураб къецалда гIахьаллъизе хIалтIаби къабул гьаризе байбихьана 14 ноябралда ва тIоцебесеб декабралда лъугIизе тана. ГIуцIиялъулаб комитеталде жидерго церерахъиналгун видеосюжетал ритIун рачIана конкурсантаз. Ниж гIажаиблъун хутIана гьеб проекталде гIадамазул бугеб рокьи бихьидал ва разилъана 105 лъимералъ гIахьаллъи гьабиялдаса. Къецалда гIахьаллъана



Дагъистаналъул районазда ва шагьаразда гIумру гьабун ругел лъимал гурелги, Россиялъул батIи-батIиял регионазда ругелги. Хирияв МухIаммад авараг (с.т.гI.в.) гьавураб РабигIул аввал моцIалъул хIурматалда тIобитIараб тадбир букIана гьеб», – ян абуна МухIамад Зубайировас.

Бакълъулазул гIолилазул централъул шагьаралъул офисалда тIобитIана лъималазул церерахъиналъе къимат кьолеб жюриялъул данделъи. Жюриялда гьоркьор рукIана Авар басмабазул цолъиялъул нухмалъулев, РАНаалъул ДНЦялъул ЦIадаса ХIамзатил цIаралда бугеб ИЯЛИялъул цIех-рехчи МухIамадрасул ГIумаров, «Гумбет» газеталъул ва «Аварпресса.ру» порталалъул бетIерав редактор, Россиялъул Хъвадарухъабазул союзалъул член ХIамзат ГIизудинов ва Бакълъулазул районалъул бетIерасул кумекчи НурмухIамад ГIизудинов.

Къецалда гIахьаллъаразул махщалие къимат кьолаго, хIисабалде щиб босарабали ва жюриялъул хIалтIул хIакъалъулъ бицана ХIамзат ГIизудиновас.

«Гьадинаб пайдаяб ва кIвар бугеб къец гIуцIаразе, авар мацI ва маданият цIуниялъул ургъел гьабуразе хъвадарухъабазул рахъалдасан баркала загьир гьабула. Къецалда гIахьаллъаразул церерахъиназе къимат кьеялъул бицани, гьеб хIалтIи гIуцIана гIаммаб куцалда къабул гьарурал къагIидабазда рекъон. Жюриялъ щивав конкурсантас бицаралъул халгьабулаго, хIисабалде росана темаялде гьеб данде кколеб бугищан, берцинго цIали, артистизм, махщел, ратIлил форма ва цогидалги хIужаби. Конкурсантазул церерахъиназул халгьабуна фамилия, цIар, росу ва цогидалги баянал рихьизаричIел номераздасан», – ян баян кьуна ХIамзат ГIизудиновас.

Жюриялъул членаз баркала кьуна лъимал лъикI хIадурараллъухъ гьезул эбелинсуеги.

МухIамадрасул ГIумаровасги баян гьабуна конкурсалъ рази гьавунин, анцI-анцI лъималазулъ рахьдал мацIалде, рухIияб литератураялде рокьи бижизе, гьезие МухIаммад аварагасул (с.т.гI.в.) хIакъалъулъ цIикIкIун лъай щвезе квербакъанин.

«Къецалъул гIахьалчагIаз аслияб куцалда цIалана Инхоса ГIали-хIажиясул, Игьалиса Чупаласул, шайих СагIид Афандил ва цогидазулги асарал. Баркала буго гьеб проект хIадураразе, тIобитIаразе, рахьдал мацI цIуниялъе квербакъаразе. ГIуцIиялъул комитеталде рачIана лъикIал хIалтIаби. Масала, ЦIияб ИчичIалиса лъималаз МухIаммад аварагасул (с.т.гI.в.) хIакъалъулъ назмаби цIалана, футбол хIайи гьоркьоб кьотIизабун, КIудияб ВатIанияб рагъда хваразул хIурматалда бараб памятникалда аскIореги рачIун ва цогидалги жамгIиял бакIазда. РакIалде ккола гьадинал конкурсал щибаб соналъ тIоритIилин ва гьединал ишаз хадубккунги бусурбабазул уммат ва нилъер халкъ цолъиялъе квербакъилин», – ян абуна МухIамадрасул ГIумаровас.

Къецазда тIоцебесеб бакIалъе мустахIикълъана Фатима ГьазихIмаева (48-аб. номер), кIиабилеб бакIалъе – СагIдигат Насрудинова (81-аб. номер), лъабабилеб бакIалъе – Фатимат МухIамадова ( 9-аб. номер). Бергьенлъаби босаразе кьуна грамотаби, гIарцулал сайгъатал ва тIахьал.

**Информациялъул «Гумбет» гIуцIи**

ЖАМАГІАТАЛЪУЛ ГАЗА

# ЛъаратІа – Ингишо сверуда – Аллагьасул рукъ

## ЦІияб мажгит рагьиялъул хІурматалда мавлид ахІана

**6 декабралда Бакълъулазул районалъул ЛъаратІа-Ингишо шагьранухда бараб цІияб мажгит рагьана. Гьелъул хІурматалда ахІана мавлид. Гьенир гІахьаллъана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетІер ХІажимурад МухІамадов,**



**гьесул заместителал МухІамад Хъарагишиев ва Малик Маликов, Бакълъулазул районалъул имам Шамил Назиров, росабазул поселениязул имамзаби ва цогидалги.**

Гьеб тадбир рагьана ва бачана районалъул имам Шамил Назировас. Киназдаго гьес баркана цІияб мажгит рагьи ва РабигІул аввал моцІ.

Къуръаналдаса аятал цІалана Ингишо росдал имам ГІумар МухІамадовас.

Хадув кІалъазе вахъана районалъул бетІер ХІажимурад МухІамадов. «ЦІакъ вохарав вуго нилъер районалда цоги мажгит рагьиялдаса. ЦІияб мажгит нухлулал лъалхъизе ва как базе санагІатаб бакІалда бан буго. Дирго рахъалдасанги районалъул администрациялъул рахъалдасанги баркала кьезе бокьун буго Багьавудин ГъазихІмаевасе, гьесул хъизамалъе, Аллагьасул хирияб рукъ баялда гІахьаллъарал киназего»,-ян абуна ХІажимурад МухІамадовас ва меценат, предприниматель Багьавудин ГъазихІмаевасе баркалаялъул кагъат кьуна.

Баркиял, вагІза-насихІатал гьарун кІалъана Ингишо, ЧІиркъатІа, Инхо, Аргъвани ва цогидалги росабазул имамзаби.

**«Гумбет» РИО**

DURA LEX, SED LEX (СУРОВ ЗАКОН, НО ЗАКОН)

# 9 декабря – Международный день борьбы с коррупцией

**Международный день борьбы с коррупцией провозглашен Генеральной Ассамблеей Организации Объединенных Наций (ООН) и отмечается ежегодно 9 декабря.**

В этот день в 2003 году в Мексике была открыта для подписания Конвенция ООН против коррупции. Документ обязывает подписавшие его государства объявить уголовным преступлением взятки, хищение бюджетных средств и отмывание коррупционных доходов. Согласно одному из положений Конвенции, необходимо возвращать средства в ту страну, откуда они поступили в результате коррупции. Россия в числе первых стран подписала Конвенцию.

Конвенция 2003 года стала важным инструментом международного права. Она особенно важна для стран, где коррумпированность всех структур наносит ущерб национальному благосостоянию.

Цель учреждения Международного дня борьбы с коррупцией 9 декабря — углубление понимания проблемы коррупции и роли Конвенции в предупреждении коррупции и борьбе с ней.

На сегодняшний день на документе стоят подписи представителей 140 государств, в том числе России, Азербайджана, Белоруссии, Латвии, Таджикистана, Украины, США.

Тем не менее, борьба с этим явлением по-прежнему остается актуальной в свете создания необходимых условий для развития предпринимательства, благоприятного инвестиционного климата, защиты честного бизнеса и снижения доли теневой экономики.

Согласно части 1 статьи 291 Уголовного кодекса Российской Федерации дача взятки должностному лицу, иностранному должностному лицу либо должностному лицу публичной международной организации лично или через посредника (в том числе, когда взятка по указанию должностного лица передается иному физическому или юридическому лицу) — наказывается штрафом в размере до 500 тысяч рублей, или в размере заработной платы или иного дохода осужденного за период до одного года, или в размере от пятикратной до тридцатикратной суммы взятки, либо исправительными работами на срок до двух лет с лишением права занимать определенные должности или заниматься определенной деятельностью на срок до трех лет или без такового, либо принудительными работами на срок до трех лет, либо лишением свободы на срок до двух лет со штрафом в размере от пятикратной до десятикратной суммы взятки или без такового.

В зависимости от суммы взятки и иных обстоятельств преступления наказание за дачу взятки может достигать лишения свободы на срок до пятнадцати лет.

При этом, лицо, давшее взятку, освобождается от уголовной ответственности, если оно активно способствовало раскрытию и (или) расследованию преступления и либо в отношении его имело место вымогательство взятки со стороны должностного лица, либо лицо после совершения преступления добровольно сообщило в орган, имеющий право возбудить уголовное дело, о даче взятки.

При наличии информации о совершенных, либо готовящихся коррупционных правонарушениях об этом необходимо незамедлительно сообщать в правоохранительные органы.

**М.Р.Магомедов, прокурор Гумбетовского района**

ЛИКБЕЗ НАЛОГОПЛАТЕЛЬЩИКА

# Единый сельскохозяйственный налог и НДС

## Уважаемые налогоплательщики!

**Плательщики единого сельскохозяйственного налога с 1 января 2019 года признаются налогоплательщиками налога на добавленную стоимость.**

Это изменение в налоговое законодательство внесено Федеральным законом от 27.11.2017 г. №335-ФЗ.

Освобождение от уплаты НДС можно получить, выполнив ряд условий.

Согласно абзацам второму и пятому пункта 3 статьи 346.1 Налогового кодекса РФ организации и индивидуальные предприниматели, являющиеся налогоплательщиками единого сельскохозяйственного налога (ЕСХН), не признаются налогоплательщиками налога на добавленную стоимость (за некоторыми исключениями). Пунктом 12 статьи 9 Федерального закона от Ж335-ФЗ, внесшего изменения в Налоговый кодекс, установлено, что положения абзацев второго и пятого пункта 3 статьи 346.1 Кодекса применяются по 31 декабря 2018 года включительно. Таким образом, организации и индивидуальные предприниматели, являющиеся налогоплательщиками единого сельскохозяйственного налога, с 1 января 2019 года признаются н глогоплательщиками налога на добавленную стоимость.

В соответствии с абзацем вторым пункта 1 статьи 145 Кодекса (в редакции Закона №335-ФЗ) организации и индивидуальные предприниматели, применяющие Ескн, имеют право на освобождение от исполнения обязанностей налогоплательщика НДС, связанных с исчислением и уплатой налога, при условии, что указанные лица переходят на уплату единого сельскохозяйственного налога и реализуют право, предусмотренное данным абзацем, в одном и том же календарном году, либо при условии, что за предшествующий налоговый период по единому сельскохозяйственному налогу сумма дохода, полученного от реализации товаров (работ, услуг) при осуществлении видов предпринимательской деятельности, в отношении которых применяется указанная система налогообложения, без учета налога не превысила в совокупности: 100 миллионов рублей за 2018 год, 90 м иллионов рублей за 2019 год, 80 миллионов рублей за 2020 год, 70 миллионов рублей за 2021 год, 60 миллионов рублей за 2022 год и последующие годы.

Учитывая изложенное, с 1 января 2019 года налогоплательщики единого сельскохозяйственного налога имеют право на освобождение от исполнения обязанностей налогоплательщика налога на добавленную стоимость при выполнении условий, установленных статьей 145 Кодекса.

Если у налогоплательщика единого сельскохозяйственного налога сумма дохода, порченного от реализации товаров (работ, услуг) при осуществлении видов предпринимательской деятельности, в отношении которых применяется единый сельскохозяйственный налог, превысила 100 миллионов рублей за 2018 год без учета налога, то указанные налогоплательщики наряду с уплатой единого сельскохозяйственного налога обязаны начиная с 1 января 2019 года исчислять и уплачивать налог на добавленную стоимость в порядке, установленном главой 21 Кодекса. Обращаем внимание заинтересованных плательщиков ЕСХН на то, что для использования права на освобождение от исполнения обязанностей плательщика НДС необходимо представить соответствующее письменное уведомление в налоговый орган по месту своего учета не позднее 20-го числа месяца, начиная с которого используется право на освобождение (пп. «б» п.1 ст. 2 Федерального закона от 27.11.2017 № 335-ФЗ).

**А. А. Абдулаев, заместитель начальника межрайонной инспекции ФНС России № 12 по Республике Дагестан**


БетІерав редактор
ХІамзат МухІамадович ГІизудинов
телефон: 26-254
Газета гІуцІаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтІа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Къурмагъиз ХІадисова
Корреспондентал:
ГІайшат Исламбиева,
Хадижат Мазгарова,
Макка МухІамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухІамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес:
МахІачхъала, Петр ТІоцевесесул къватІ, 61

Газета къватІибе бачІунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цІаразда гъоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1097
Газета къватІибе биччазе гъулбасана,
графикалда рекъон: 16 с. 00,
хІакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144


Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хІужабазул, цІаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.